

25 JOU POU FÈ DEVOSYON AK FANMI W

Fòmasyon sa a se yon aktivite pou lafwa fanmi w epi li distribye istwa Nwèl la rive jiska nesans Jezi nan 25 jou. Yon kat pou chak jou nan mwa desanm lan rive nan jou Nwèl la, Jou fèt Jezi a! Kòm jou Nwèl la ap avanse pi pre, istwa nesans Jezi ap grandi tou.

MEN ENSTRIKSYON YO:

- 1 Koupe kat yo ki gen vèsè sou yo a epi mete yo nan yon anvlòp. Mete yo nan yon plas kote manm fanmi w ka jwenn yo pou yo li yo chak jou mete yo sou tab kote yap manje. Fè yon fason pou limen bouji epi chante menm chan Nwèl yo chak jou, epi priye ansanm lè ou fi n li kat yo.
- 2 Wap bezwen koumanse premye Desanm, wap bezwen li yon nouvo kat chak jou. Wap bezwen li kat la ankò ke ou te li nan jou anvan an epi wap li nouvo kat la tou menm jou a. Lè ou fè sa istwa a kapab grandi nan ou pandan wap tann jou Nwèl la. Pandan wap pase vèsè yo yap vi n fè sans pou ou epi manm fanmi w ap kapab resite istwa a san yo pa gade kat la.
- 3 Ou kapab sèvi ak kat yo chak ane



Bondye voye
zanj Gabriel vi
n kote yon jèn
fi ki rele Mari
(Lik 1:26)

1

mosaicmennonites.org

Zanj lan di jèn fi a, "Ou pa
bezwen pè, Mari, paske ou
jwenn favè nan men Bondye"
(Lik 1:30)



2

mosaicmennonites.org

“Tande sa map
di w! Ou pral vin
ansent ou va fè
yon pitit gason.
Wa rele I Jezi”
(Lik 1:31)



3

mosaicmennonites.org

Mari reponn li, “Se sèvant
Mèt la mwen ye. Mwen swete
pou sa rive jan ou di la.”
(Lik 1:38)



5

mosaicmennonites.org



“Lap vin yon grannèg. Ya
rele li Pitit Bondye ki anwo
nan syèl la.”
(Lik 1:32)

4

mosaicmennonites.org



Lè sa a, Seza
Ogis te bay lòd
pou yo te konte
tout moun ki
nan peyi lap
gouvènen yo.
(Lik 2:1)

6

mosaicmennonites.org

Tout moun te al fè pran
non yo nan lavil kote
fanmi yo sòti.
(Lik 2:3)



7

mosaicmennonites.org

Antan Jozèf ak
Mari te nan
Betleyèm, jou pou
Mari te akouche te
rive. Li te fè
premye pitit li a,
yon ti gason.
(Lik 2:6-7)



9

mosaicmennonites.org

Jozèf ale nan vil
David la paske li te
moun nan fanmi
ak ras David.
Jozèf te enskri
non l ak non Mari.
(Lik 2:4-5)



8

mosaicmennonites.org

Pat gen plas nan
otèl la pou yo. Mari
te vlope pitit la nan
kouchèt, li mete l
kouche nan yon
plas kote yo te bay
bèt manje
(Lik 2:7)



10

mosaicmennonites.org

Nan nwit sa a, te gen gadò
mouton ki tap pran swen mouton
yo nan menm zòn sa a.



(Lik 2:8)



11

mosaicmennonites.org

Zanj lan di yo
konsa: "Pa pè. Nap
anonse nou yon
bòn nouvèl! Ki
pral fè kè tout
moun kontan.
(Lik 2:10)



13

mosaicmennonites.org

Yon zanj Bondye
parèt devan yo, bèl
limyèl Bondye a
klere tout kote yo
te ye a.
(Lik 2:9)



12

mosaicmennonites.org

Jodi a nan vil David la, nou
gen yon Sovè ki fenk fèt. Se
Kris la Seyè a.
(Lik 2:11)



14

mosaicmennonites.org

Men kisa ki va fè nou rekonèt li: Na jwenn yon ti bebe vlope nan kouchèt, kouche nan yon kay kote yo bay bèt manje.

(Lik 2:12)



15

mosaicmennonites.org

Bèje yo te ale vit epi yo jwenn Mari, Jozèf ak bebe a.

(Lik 2:17)



17

mosaicmennonites.org

★ Te gen yon foul zanj ki sot nan syèl la vin jwenn ak zanj ki te la anvan. Yo tap fè lwanj Bondye, yo tap di: "Lwanj pou Bondye nan syèl la, kè poze sou latè pou tout moun li renmen."

16

(Lik 2:13)

mosaicmennonites.org



Gadò mouton yo al fè wout yo, yo tap di jan Bondye gen pouvwa, yo tap fè lwanj li, pou tout bagay yo te tande ak tou sa yo te wè.

(Lik 2:20)

18



mosaicmennonites.org



Aprè Jezi te fi n fèt, kèk nèg
save ki te sòti nan peyi solèy
leve yo rive nan vil jerizalèm.
(Matye 2:1)


19

mosaicmennonites.org



Yo antre nan kay la, yo
mete ajenou devan ti
moun nan epi yo adore l.
(Matye 2:11)

21



mosaicmennonites.org

Lè save yo te
wè zetwal la,
yo pat manke
kontan.
(Matye 2:10)



20

mosaicmennonites.org

Yo ba li kado, te
gen lò, lansan
ak lami
(Matye 2:11)



22

mosaicmennonites.org



Nou gen yon ti moun ki fenk fèt. Bondye ban nou yon gason. Yon bon Konseye, ki gen tout pouvwa, Papa ki la pou toutan an, Wa kap bay kè poze a.

23

(Ezayi 9:6)

mosaicmennonites.org

Nou di Jezi Bòn Fèt!

Jwaye
Nwèl

25

mosaicmennonites.org

Paske Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl pitit li a pou yo. Li bay sèl pitit a pou nenpòt moun ki mete konfyans yo nan li pa pèdi, okontrè yap gen lavi ki pap janm fini an.

(Jan 3:16)



24

mosaicmennonites.org

mosaicmennonites.org